АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№41 (9929)

РУЗМАН

9 октябрь 2020 сон

22 САФАР 1442 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## Дагъистаналъул цIияв бетIер

**5 октябралда улкаялъул Президент В.Путиница къабул гьабуна Владимир Васильевасул Дагъистаналъул бетIерлъиялдаса гIодов чIеялъул гьари. Указалда рекъон милициялъул генерал-полковник, Россиялъул мустахIикъав юрист В.Васильев тIамуна РФялъул Президентасул гIакълучилъун.**

**Гьебго къоялъ ДРялъул бетIерасул ишал тIуралевлъун тIамуна Меликов Сергей Алимович.**



НИЖЕР БАЯН:

**Сергей Меликов гьавуна 1965соналъул 12 сентябралда. Гьес лъугIизаруна рагъул хъулухъалъул ва МВДялъул тIадегIанал цIалул бакIал. Рагъулаб хъулухъалда вукIаго мустахIикълъана гIемерал шапакъатазе. БатIи-батIиял соназ рагъулал аскаразул тIадегIанал хъулухъазда ва 2016-2019 соназ Росгвардиялъул нухмалъулесул тIоцевесев заместительлъун вукIана Дагъистаналъул цIияв бетIер.**

**2014-2016 соназ Сергей Алимович хIалтIана Шималияб Кавказалъул федералияб округалда Президентасул вакиллъун. 2019 соналдаса нахъе Дагъистаналъул бетIерлъуде тIамизегIан Федерациялъул Советалда Ставропол краялъул вакиллъун вукIана.**

В. Путиница кIудияб къимат кьуна В.Васильевас 2017 соналдаса нахъе республикаялъул нухмалъиялда гьабураб хIалтIуе. Гьезул аслияб-лъун ккола коррупциялде данде къеркьей, налогал ракIариялда тIад хIалтIи ва экономика цебетIезаби.

6 октябралда С.Меликов щвана Дагъистаналде. Гьес цIияб хъулухъалда кIвар кьезе ругел рахъазул баян гьабулаго, кIвар кьуна тIоцебесеб иргаялда коронавирусалде данде къеркьеялде, кIиабилеб-Дагъистаналъул экономика цебетIезабиялде ва щула гьабиялде, лъабабилеб – хIакимзабазулгун халкъалъул бухьен щула гьабиялде. Гьединго, гьес бичIчIизабуна Президентас цере лъурал масъалаби тIуразари аслияб иш букIин.

Сергей Меликовас Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуразаризе руго 2021 соналъул сентябралде щвезегIан, гьелдаса хадуб гьесул кандидатура лъезе буго Халкъияб Собраниялда цебе.

Дагъистаналъе баракат цIикIкIараблъун батайги Президентас гьабураб гьеб хIукму.

*РекIел ахIи*



ГьитIинго куцай рацIцIалъиялде

2 гьум.

*Лъайкьеялъул бутIаялда*

МухIамад ХIамзаевасул поэзиялдаса къецал

3 гьум.



■ АДМИНИСТРАЦИЯЛЪУЛ ИШАЛ

## ХIебда нух цIи гьабуна

**Дагъистаналда росабазулъ ва шагьаразда гIадамазе шартIал чIезариялъул батIи-батIиял проектазул тадбирал тIоритIулел руго. Нилъер районалъул росабалъги руго гьезда рекъон гьарулел хIалтIаби. Гьединаздаса цояб ккола «Дир Дагъистан-дир нухал» абураб проект.**

6 октябралда ХIебда росулъ рагьана 0,2 км халалъи бугеб, басрияб гьаадерил кьодухъе унеб хъил тIун къачIараб нухлул бутIа. Байрамияб ахIвал-хIалалда нух рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель Камил МухIамадов, райсобраниялъул председатель, «Единая Россия» партиялъул секретарь МухIамадамин Хизроев, «Габионстрой» ОООялъул нухмалъулев ГIабдулнасир Чупанов ва ХIебда росдал бегавул МухIамад АхIмадов.



Камил МухIамадовас рохалил тадбиралъул гIахьалчагIазе баркала кьураб калам гьабуна. «Дагъистаналъул вукIарав бетIер В.Васильевасул таваккалалдалъун ва кумекалдалъун тIолабго республикаялда тIоритIулел руго халкъалъул рукIа-рахъин лъикIлъизариялъул тадбирал. «Дир Дагъистан-дир нухал» проекталда рекъон къачIалел ва цIигьарулел руго росабалъ нухал. Нилъер районалда гьединал хIалтIаби унел руго ГIурадаги Гьолокьги росабалъ. Гьадинал чIахIиял хIалтIабаз районалъул гIадамазе санагIалъаби цIикIкIинаризе руго»-ян абуна гьес, «Габионстрой» ОООялъул нухмалъулев ГI.Чупановасе районалъул бетIерасул рахъалдаса баркалаялъул кагъат кьолаго.



ГIабдулнасир Чупановас баркала кьуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановасе ва Шамилил цIаралда бугеб къватIалъул 13 линиялда ругел гIадамазе жиндир коллективалда гьабураб божилъиялъухъги, хIалтIаби гьарулаго жамагIаталдаса щвараб кумекалъухъги.«Ниж цIакъ разиял руго жамагIатгун цадахъ хIалтIиялъ ва ниж къабул гьариялъухъ. Гьединго нижеца къотIи-къай гьабуна Шамил районалда цогидалги проектал тIуразаризе»-ян абуна ГI.Чупановас.

Гьединго баркалаялъул калам гьабуна М.Хизроевас дурусго ва жиндирго болжалалда гьабураб хIалтIиялъухъ.

ХIебда росдал бегавул М.АхIмадовас баян кьуна гьабураб хIалтIул: «Республикаялъул бюджеталдаса 1,5 млн ва районалъул бюджеталдаса 510 азарго гъурущ бихьизабун букIана гьаб хIалтIиялъе. Гьел сурсатазда рекъон 15 июналдаса 4 октябралде щвезегIан 0,2 км манзилалда тIуна хъил, хисана къотIноб канлъи цIикIкIине токалъул хIубалгун чирахъал, лъел мухъалъул трубаби ва лъуна 220 м. халалъиялда цIадал лъим чвахиялъе рогIрал. КIудияб баркала буго «Габионстрой» ОООялъул коллективалъе ва гьаб къватIалъул жамагIаталъе. Гьари буго гьабураб берцинлъи цIуна-къаялда чIезабеян».

Авалалъул жамагIаталъул рахъалдаса кIалъазе рахъарал МухIамад Зиявудиновас ва ХIасан ХIасановас гьабураб хIалтIудаса разилъи загьир гьабуна.

Хадусел саназги гьадинал, гIадамазе санагIалъаби цIикIкIинарулел, проектал къотIизе течIого тIоритIизе руго щибаб росулъ.

**Гьумер хIадур гьабуна Давуд ДАВУДОВАС.**

РЕКIЕЛ АХIИ

# ГьитIинго куцай рацIцIалъиялде

**ГIедегIун, цоцазда кIалъазе регIуларого, «РорчIами, унелищ?» -абураб тун батIияб калам гьабичIого цоял хIалтIуде, цогидал садикалде лъимал рачун унел гIуж буго радал. Жеги школалде унел лъималаз берцин гьабун букIуна радал тIубараб къватIго.**



Гьединаб къокъаялда унаго гIемер загьирлъула лъималазулги чIахIиязулги гьабулеб адаб- хIурматалъул мисалалги, нухдаса унаго букIунеб рукIарахъинги.

Цо къоялъги ясалъул квер ккун садикалде уней дида цеесан уней йиго кIиго яс школалде. ЦIакъ берцинго ретIа-къанги ругоан гьел. Цоялъ кваналеб букIараб «сухариказул» къвачIа гIодобе рехана. Цадахъ йикIаралъ абуна гьеб нухде рехугейин мусоралде рехейин абун.

-Гьа, щибго букIунарин. Рокъоб гуреб къотIнобгийищ нилъеца рацIцIалъи гьабизе гьеб хIалалъ кколеб,- абун кIварго гьечIеб жаваб кьуна гьалъ. - ГIададайищ гIарацги кьун нух бацIцIине хIалтIухъаби тун ругел?

- Дида эбелалъ абулаха рокъобги къватIибги кибго цохIо къагIидаялъ рацIцIалъи цIунизе кколин ясалаз абун.

- ЧIа гъаринха цо херай чIужуялъул гIадинаб чIанда-хабар бицинчIого- ян абун гьалъ жойидего гьабичIо гьалмагъалъул хабар...

Жакъа нилъеда бихьулеб буго районалъул нухмалъулез цIи гьарун ругел къватIал, къачIан кьун бугеб парк, гьединго боцIихIайваналъ хвезе гьабуларедухъ, сверун къан лъолел ругел рищникъул жанибе балел къалал. Гьеб киналъулго букIине кколеб рацIцIалъиги, цIуна-къайги, къиматги гьабизе нилъер лъималазда эбел-инсуца рокъоса малъулеб гьечIони, нухлуласищ нилъер район цIунейин малъизе бугеб?



Нилъее пайдаялъе къачIалеб бугеб районцентралде ва аслиял хIухьбахъиялъул бакIазде гьединаб бербалагьи кинан гIадамазул букIине бегьулеб дида бичIчIуларо. ХIебда росулъ руго къогоялдаса цIикIкIун рищни-къул бакIариялъе кIудиял къалал. Амма гьенибе гIадамаз баччулеб бугебщинаб жо бихьидал, тамашалъулей йиго. Росдал рагIалде кколел бакIазул бицун пайдаго гьечIо..Цогидал росабалъа газелал цIун мусор чIехьолеб буго гьенибе, гьелъие райцентр бахигун хасаб полигон чIезабун бугониги.

Ахирисел соназда жаниб кин росдал сипат-сурат хисулеб буго бихьулеб буго. Амма гьеб жибго жиндасанго хисуларебльи хIакъаб иш! КIудияб хIалтIи гьабулеб буго ХIебда росдал бегавул МухIамад АхIмадовас ва советалъул хIалтIухъабаз. Кутакал мухьваздалъун хьихьун рукIиналъ гуро, ракIбацIцIадго хIалтIи гьабулел чагIи рукIиналъ буго. Гьезие рецц-бакъалъе хъвалелги гуро, гIадамазул гIетI тIун гьабураб хIалтIул къимат гьабизе лъалеб гьечIолъи бихьиялъ, загьирлъарал пикраби руго.

Добго паркалда бугеб площадкаялде рачIунел улбузул бугеб кIвар гьечIолъи. Лъималазда щиб малъилеб жиндицаго рацIцIалъи цIунуларей эбелалъ? Метер радал рачIарал «мухь кьун тарал» хIалтIухъабаз бакIариларищ гьазул чороклъи. ЦIияб гIасруялъул технологиязул кумекалдалъун, кинабго квешабги тохабги бихьулеб буго гьанже, балъго хутIулеб жо дагьаб буго. Бегавуласулгун кIалъай ккараб мехалъги гIадамал къватIир чIвазаризе, ракI хвезабизе бокьичIого абичIого толаян ургъел бикьана гьес. Видеокамерабаз кинабго бахъун, цо къоялъ къватIиб бачIани, нечолеб рукIа-рахъин гьабичIого тани лъикI буго...

Чанги лъикIал мисалалги руго. Нухда кванараб конфеталъул хъал чвантиниб лъун рокъобе бачIунел лъималги лъала. Гьеб киса лъимералъ босараб, эбелалъ малъичIони? «ГьитIинго малъараб жо ганчIида бикIараб накъищ» абураб умумузул кици унго-унголъун гIасрабазул хIалбихьи щвараб букIин лъала щивасда. СверухълъицIуни бачIунеб гIелалъул бидулъ бессараб гIамалхасиятлъун букIине гьитIинго куцай гьел рацIцIалъиялде.

**М. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА**

БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

## *Бихьараб къо Аллагьас кирилъун хъваги нужей*



*Районалъул больница, инфекциялъул отдел,*
*«Ковид» - вирус бачIараз, кьабун цIурал койкаби.*
*Жаниб бугеб рацIцIалъи, бер кIутIани бихьула,*
*ХъахIал маккал гIадинал медиказул, хIеренлъи.*

*Отделалъул замалъул иманалъул камиллъи,*
*Дур баркатгун гIамалалъ данде гьарун ратила.*
*Киналго духъ хIалтIулел хIатIал кверал гIедерал,*
*Иман, ислам, хIузуралъ кьабун цIурал гьал ясал.*

*Тохтур Ачилаева, дуе ва сестрабазе,*
*Яккун ячIуней Гуляй, гьаризе бакьина дий,*
*Щулияб сахлъи кьейги, халатаб гIумру кьейги,*
*Лъимал талихI кьун таги, рекIел мурад тIубайги.*

*Радал рогьаралдаса къаси нахъалъизегIан*
*Ясал дару-дармангун щивасда аскIор щола,*
*Мариянгун Мадина, ПатIинагун РахIимат*
*Бихьараб къо Аллагьас кирилъун хъваги нужей.*

*Рукъ-бакI бакIарулезе сахлъи кьегиха нужей,*
*Унтаразе рацIцIалъи чIезабизе чIагольи.*
*Ва! ПатIимат (ГIалиле), квен кьолей яц, гьарула*
*Гали рикIкIун мунагьал гъайги яц дур гIодоре.*

*АльхIамдулиллагь щукру, щибаб рецц Аллагьасе*
*Салам унтилъун битIун инсан кантIизавидал.*
*Жеги рецц Аллагьасе гIажалалде щвечIезе,*
*Унти бигьа гьабизе тохтур сабаблъун гьави.*

*Халкъалда тIаса унти босун таги Аллагьас,*
*Унти босулеб гIамал насиблъаги щивасе.*
*Амин Аллагь я Аллагь, Амин Аллагь я Аллагь,*
*Къабул гьабе БетIергьан гьарараб дугIа-гьари.*

**ГIАЛИЕВА ПатIимат ГIумаровна,**
**ЦIияб ГIурада школалъул мугIалим**

РОСДАЛ МАГIИШАТ



# ГIи-боцIи гочине байбихьун буго

**Риидалил мучIдуздаса хъутабазде гIи-боцIи гочинабизе байбихьун буго нилъер районалъул гIи-боцIухъабаз.**

М.ХIасановасул цIаралда бугеб СПКялъул гIиги чуялги церего хъутабазде щвана.

Цогидазги хIадурлъи гьабулеб буго эхере гочине.

10 октябралдаса байбихьун гочине хIадурулел руго гьанхъадерил, гIурисезул, ругъелдисезул гIиял рехъенал.

Хасалил мучIдузде гочунел нухда руго тIидисезул ОООялъул боцIи.

ГIемер гьечIо риидал мугIрузде чIахIияб боцIи гочинабулел магIишатал. ТIидисезул ОООялъ абуни, щибаб соналъ мугIрузде гочинарула чIегIерхIайванал ва гIемерисел бусби. Гьединлъидал, гьезул гьанги кидалго къиматалда букIуна.

П. ГЬИТIИНОВА



■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТӀАЯЛДА

# МухӀамад ХӀамзаевасул поэзиялдаса къецал

**Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухӀамад АхӀмадов:**

*«Бакълъухъ росдал динияб борхалъиги, рорхатал мугӀрузул сабруги, сапаразул свин гьечӀел цӀаялги, цӀиял рагӀабазул некӀсияб магӀнаги, магӀарулазул кьури гьечӀеб гӀамалги, гӀадамазде рокьиги, рокьуларезда абулеб битӀараб рагӀиги буго МухӀамад ХӀамзаевасул асаразулъ».*




Унголъунги МухӀамад ХӀамзаевасул щибаб тӀехь, щибаб шигӀру буго батӀа-батӀаго рагьарал дарсазе, тарбия кьеялъе чара гьечӀого хӀажатаб пайдаялъул. ХӀамзаевасул тӀехь цӀаларав чияс кидаго такъсир гьабиларо, гьабулесдаги рекъеларо. ЦӀалдохъабазул ракӀазулъе биун тӀезе мустахӀикъаб буго гьесул щибаб шигӀру.

Дагъистаналъул Пачалихъияб премиялъул лауреат, ТӀолго Россиялъул Рубцовасул цӀаралда бугеб премиялъул лауреат, филологиял гӀелмабазул кандидат, Дагъистан республикаялъул культураялъул мустахӀикъав хӀалтӀухъан, Дагъистаналъул халкъияв шагӀир, хъвадарухъан, журналист, переводчик, къватӀисел улкабазул дипломат МухӀамад ХӀамзаевасул кучӀдузул кумекалдалъун гӀун бачӀунеб гӀелалъулъ рахьдал мацӀалдехун рокьи цӀикӀкӀиналъе, гьунарал тӀатине, эстетикиябгун рухӀияб тарбия кьезе мурадалдалъун районалъул лъайкьеялъул отделалъ гӀуцӀун букӀана пасихӀго гьесул асарал цӀалиялъул конкурс.

1 октябралда районалъул лъайкьеялъул отделалда гьаруна гьел къецазул хӀасилал. Конкурсалде 9-11 классазул цӀалдохъабаз ритӀун рачӀине кколел рукӀана МухӀамад ХӀамзаевасул кечӀ пасихӀго рикӀкӀунеб видео. Сахлъи цӀуниялъул пикрабаз конкурс тӀобитӀана онлайн къагӀидаялда.

- ГьитӀинго шигӀрияб рагӀуе гьунар тӀатарав Бакълъухъа халкъияв шагӀир МухӀамад ХӀамзаевасул кучӀдул школалъул лъималаз бигьаго, пасихӀго, магӀна бичӀчӀун, кочӀол гъварилъи рагьун рикӀкӀунел рукӀана. Гьесул поэзиялде мугӀалимзабазулгун цӀалдохъабазул ракӀ цӀцӀай цӀикӀкӀараб букӀин бихьана киналго школазул жигараб гӀахьаллъиялдалъун. 21 школалдаса 43 лъимералъул запись бачӀана нижехъе. Рахьдал мацӀалъул мугӀалимзабаз МухӀамад ХӀамзаевасул творчествоялде кӀудияб кӀвар кьун хӀадурарал цӀалдохъабазе къимат кьезе цӀакъ захӀмат букӀана нижей,-ин бицана жюриялъул председатель, лъайкьеялъул отделалъул методист ПатӀимат Хизроевалъ.



Бищунго жюри пана гьабуледухъ «Аллагьас цӀунайги» абураб кечӀ рикӀкӀана Гьандихъ гьоркьохъеб школалъул цӀалдохъан Асият МусалмухӀамадовалъ. 11 классалъул лъималазда гьоркьоб гьелъие кьуна 1-себ бакӀ. Гьединго, 11 классазда гьоркьор лъикӀаллъун рихьизаруна МачӀада школалъул цӀалдохъан П.ХӀажиева, Ракьуб школалдаса П. ГӀазизова, ГӀасаб школалдаса Ш. МухӀамадов, КъахӀиб школалъул цӀалдохъан М. МухӀамадова.



10 классазда гьоркьоб 1-себ бакӀ кьуна ТӀидиб гьоркьохъеб школалъул цӀалдохъан ГӀайшат ГӀумахӀмадовалъе. Гьелъ рикӀкӀана «Кида магӀарухъе нахъ руссунел нилъ?» абураб кечӀ. Гьебго гӀелалъул ГӀурадаса ПатӀимат ГӀумарова, ГӀасаса ПатӀимат Рамазанова, ТӀогьохъа РахӀмат МуртазагӀалиева ва ГӀуриса МухӀамад МухӀамадов мустахӀикълъана бергьенлъиялъул бакӀазе.

«Нилъ руго магӀарулал» абураб кечӀ рикӀкӀарав ХӀебда гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цӀалдохъан МухӀамад СагӀадуевасеги щвана 1-себ бакӀ. 9-лел классазда гьоркьоса жюриялъ цоги бергьенлъиялъул бакӀал рихьизаруна Микьигьориб школалдаса Аюб Ибрагьимовасе, ТӀогьохъ школалдаса ПатӀимат ШейхмухӀамадовалъе, Бакълъухъ школалдаса ПатӀимат Пашаевалъе, Ругъелда школалдаса Мадина ГӀумаровалъе ва ГьентӀаса ГӀайшат ГӀумаровалъе.

Лъималазул гуребги мугӀалимзабазулги букӀана жигараб гӀахьалчилъи. ШагӀирасул цебетӀеязул бицун, гьесул гӀумрудул нух рагьулеб видео бачӀана Бакълъухъ школалъул гӀурус ва авар мацӀгун адабияталъул мугӀалим Жабирова ПатӀимат Жабировналъ. Гьединго, киналго гӀахьаллъаразе МухӀамад ХӀамзаевас сайгъат гьабуна жиндирго асарал цӀалулеб видео.



Конкурсалъул цӀакъ берцинаб гӀаммаб видео лъун буго администрациялъул ва лъайкьеялъул отделалъул официалияб интернет сурсатазда.

Бергьенлъиялъул бакӀазде рачӀарал цӀалдохъабазе лъайкьеялъул отделалъ рихьизаруна грамотаби, тӀоцебесеб бакӀалде рачӀаразе кьезе руго М.ХӀамзаевасул тӀахьал.

Гьединал магӀарул мацӀалде ва адабияталде лъимал цӀцӀалел тадбирал щибаб четверталда тӀоритӀизе ругин баян кьуна П. Хизроевалъ.

**ПатӀимат МУХӀАМАДОВА**

■ РОСАБАЗУЛ ГӀУМРУ

# ЖамагӀат цолъулеб тадбир



**КӀудияб жамагӀат гьечӀо Шамил районалъул ругъелдисезул, гьелъ росдал киналго хӀажалъаби тӀуразе цохӀо бюджеталдаса щвараб гӀарцул къуват гӀоларо. Амма кӀудияб росдадаса нахъе ккарал хӀажалъаби гьезул рукӀунаро, жеги цӀикӀкӀун ратани гурони.**

Гьединлъидал, чара гьечӀел хӀалтӀаби гӀумруялде рахъинаризе къваригӀуна ресалда ругел спонсорал. Гьединал ресалда ругел чиги гьанир гьечӀо, гьелъ аслиял росдал суалал тӀуразе тӀаде ккола жамагӀаталда, ай субботникал гьарун росдал гӀолилазда. Гьелин абуни, дагьал гуро гьаризе ккарал исана. Субботниказул кумекалдалъун гьаруна риххарал нухалги, росулъ балеб бугеб рагъда хваразулго гӀадинаб, гъазаваталда хваразеги балеб бугеб кӀудияб мемориалияб комплексалда хӀалтӀабиги, «ЦӀалах» ва «Кортаа» авалазда ралел хӀавузазул хӀалтӀабиги, авал мажгит балагоги ва цогидал хӀалтӀабиги.

Узухъда, кидаго гӀадин гьелде кӀвахӀ тун гӀахьаллъула росдал гӀолохъаби. Росу тун къватӀир ругез ресалда рекъон гӀарац рехула хасаб росдал счеталде.

Гьеб киналъулго хӀасилал гьаризеги, жеги хадусел росдае пайдаял хӀалтӀабазул бицинеги, цоги росдада хурхарал суалал дандразеги араб шамат къоялъ жеги хур –херги бакъвачӀеб, тӀегьги лъугӀичӀеб Ругъелда росдада тӀаде балагьараб «ТӀалъари» майданалда данделъана росдал жамагӀат. Росдал администрациялъ гӀуцӀараб бечедаб тепсиялда нахъа хӀухьбахъиялъул къо тӀамуна ругъелдисез. РикӀкӀадего чӀвалеб бежулеб гьанал махӀалъги, цӀулаца бакулеб самоваралъуб гьалдолеб тӀагӀамал хурдузул чаялъги, роцӀараб бакъул къоялъги батӀиябго асар гьабулеб букӀана данделъаразе.

Росдал администрациялъул бетӀерасул заместитель МухӀамадов ГӀалиасхӀабица гӀолохъабаздаса бугеб разилъи загьир гьабун, баркала кьуна кӀвахӀ тун субботниказда гӀахьаллъаразе. Росдал имам Аюбица рехсана гьарулел цо-цо хӀалтӀабазе кколел квал-квалазул ва цадахъ рекъон хӀалтӀани, жамагӀаталъухъа бокьараб хӀалтӀи бажарулеб букӀин. Гьединал цадахъал хӀалтӀабазги, хӀухьбахъиялъги жамагӀат цолъулеб, гъункулеб букӀин. Жакъад гьелдаса цебегӀанабги щибго гьечӀеблъи.

КӀоченаро гӀолохъабазда эркенаб байрам. Гьелъ гьира базабула хадусел хӀалтӀаби гьаризеги гӀолохъаби цолъиялъеги.

**Сайпула ГЬИТӀИНАМУХӀАМАДОВ**

## ЗИГАРА

ГІемерал соназ «Цолъи» казияталъул редакторлъун хІалтІарай, гьанже «ХІакъикъат» газеталъул отделалъул нухмалъулейлъун хІалтІулей йигей ПатІимат ГьитІиновалда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго «Цолъи» казияталъул коллективалъ гьелъул яц къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас хваралъе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьейги.






















## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат за номером А 6743293, выданный Магомедову Ибрагимгаджи Дибировичу 1984г.р., об окончании 9 классов в 2000г. МКОУ«Куанибская ООШ» Шамильского района РД, считать недействительным.


# ЦОЛЪИ

БЕТІЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТІУРАЛЕЙ

П.Ш. МухІамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГІ. НурмухІамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова
ТІ. МухІамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитІинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухІамадов.

НАБОР
М. ГьитІиномухІамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГІисаевалъул

Газета гІуцІарал: Муниципалияб гІуцІи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана “Щияб канлъи” ва “БагІараб цІва” абурал цІаразда гъоркь.

Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватІисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-І къватІ, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ.№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидали баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь къимат кьезелъун. Нижер электрониаб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХІебда росу
Имам Шамилил къватІ